



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MIZAJOU EVALYASYON KREDI ETA NEW YORK  
LA PA MOODY'S INVESTORS SERVICE**

***Mizajou evalyasyon an site 'jesyon fiskal ajil' ak plan finansye responsab sou senkan***

***Moody's Investors Service mete ajou emetè Eta New York la ak plizyè lòt evalyasyon an Aa1 soti nan Aa2***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dènye mizajou divès evalyasyon kredi pou Eta New York pa Moody's Investors Service, ki gen ladan mizajou evalyasyon emetè New York ak evalyasyon sou obligasyon jeneral, revni enpo sou revni pèsonèl ak obligasyon revni enpo sou lavant yo, an Aa1 soti nan Aa2. Nan jistifye mizajou an, Moody's te site "jesyon finansye ajil Eta New York la ki te lakòz bidjè ekilibre oswa prèske [ekilibre] ke yo te prevwa atravè plan finansye senkan eta a."

"Mizajou sa yo montre fòs jesyon finansye New York pandan n ap kontinye rebati pi fò pase anvan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moody's te site 'jesyon finansye ajil' New York la, e sa konfime valè siksè administrasyon mwen an nan negosye yon bidjè ki responsab sou plan fiskal ki ogmante rezèv nou yo epi redwi responsablite yo. Nou pral kontinye kontwòle ensètitud finansye pandemi COVID la, e n ap kontinye franchi etap solid ki responsab pou kreye yon avni ki pi briyan pou jenerasyon Nouyòkè yo."

Nan [yon rapò resan](#), Moody ekri, "Rekonèt bezwen li pou yon tanpon finansye pou kontrekare volatilite ineran nan estrikti ekonomik ak revni eta a, li te kanalize kèk nan resous sa yo nan rezèv elaji, rediksyon nan kèk pasif ki pa peye, tankou kontribisyon pansyon repòte, ak redwiksyon risk ... Aksyon sa yo montre wòl yon gouvènans solid nan deklanche mizajou an."

Administrasyon Gouvènè Hochul la te reyisi jere yon anviwonman fiskal konplike san parèy apre pandemi COVID la.

An avril 2020, Plan Finansye pou Bidjè Adopte a te prevwa gwo eka bidjetè pou ane a ki te an mwayèn 16.5 milya dola chak ane. Plan Finansye ki pi resan an, ki te pibliye an janvyè epi ki te amande an fevriye, pa te montre okenn eka bidjetè nan nenpòt ane, ansanm ak rezèv ki te ogmante san rete, ki atenn, pou premye fwa, 15% Fon

Fonksyone Eta a nan ane fiskal 2025 lan - yon estanda lajman konsidere pa ekonomis yo kòm nesèsè pou mete kanpe ijans enprevi alavni yo. Rezèv prensipal yo jodi a 2.7 fwa pi wo pase lè pandemi an te kòmanse.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2023 a kenbe tout depo rezèv prensipal Gouvènè Hochul rekòmande nan Bidjè Egzekitif li a li te pwopoze a. Total depo rezèv yo pandan peryòd Plan Finansye (Ane Fiskal 2022 - Ane Fiskal 2025) pral totalize 15.3 milya dola a.

Eta a te jere kantite lajan federal yon sèl fwa nan yon fason ki responsab fiskalman tou. Anplis konsantre depans yo sou, envèstisman yon sèl fwa epi ki pa renouvlab, Administrasyon Hochul te alwe itilizasyon 12.75 milya dola nan èd pou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan) an pandan kat ane pase yo nan mezi pou evite kreye yon "falèz fiskal."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418